

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ngalaksanakeun panalungtikan perlu aya métode salaku léngkah gawé panalungtik pikeun nyingkahan ayana salah tapsir dina ngaréngsékeun skripsi.

Métode panalungtikan nyaéta cara anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan, aya sababaraha métode panalungtikan nyaéta métode historis, métode déskriptif, jeung métode éksperimental (Sudjana, 2011, kc. 52). Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif kualitatif.

Métode déskriptif dipaké saupama tujuanna pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajéntrékeun kajadian anu aya dina jaman kiwari, anu kaasup kana metode ieu nyaéta studi kasus, survéi, studi pengembangan, jeung studi korélasi (Sudjana, 2011, kc. 52).


Numutkeun Bodgan jeung Taylor (dina Basrowi jeung Suwardi, 2008, kc. 21) métode kualitatif téh nyaéta prosedur panalungtikan dina meunangkeun data déskriptif anu mangrupa kecap-kecap sacara tinulis atawa lisan ti jalma-jalma atawa palaku anu ditalungtik.

Ieu métode déskriptif kualitatif téh dipaké pikeun ngadéskripsikeun ulikan sémiotik anu nyampak dina Kasenian Topéng Kaléng di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupaten Karawang. Misalna ngeunaan simbol dina pakakas anu dipaké dina pintonan Kasenian Topéng Kaléng.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rancangan konsép sangkan panalungtikan bisa ngahontal tujuan anu dimaksud. Desain panalungtikan bisa katitén sakumaha dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 Désain panalungtikan



3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan



3.2.1 Sumber Data

Numutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék nu bisa dipaké meunangkeun data. Data anu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan data nu aya patalina jeung Kasenian Topéng Kaléng. Sumber dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) sesepuh (pimpinan) Kasenian Topéng Kaléng anu apal kalayan jero ngeunaan ieu kasenian;
- 2) pembina Kasenian Topéng Kaléng;
- 3) pihak-pihak anu kalibet atawa pamaén dina Kasenian Topéng Kaléng.

Anapon sawatara informan dina ieu panalungtikan katitén ieu dihandap:





Tabel 3.1
Data Informan

Wasta jeung Poto Informan	Umur	Padumukan	Pakasaban	Kalungguhan dina Kasenian Topéng Kaléng
1	2	3	4	5
 Abah Sapna/Bah Asoy	65 taun	Kampung Pakopén Rt 02/05, Désa Tegalsari, Kec.Purwasari, Kab.Karawang.	Seniman & Patani	Pangasuh Kasenian Topéng Kaléng
 Neng Awangsih	35 taun	Kampung Pakopén Rt 02/05, Désa Tegalsari, Kec.Purwasari, Kab.Karawang	Seniman & Karyawan Swasta	Pimpinan

Windy Aryani, 2017

*ULIKAN SÉMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING
DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATÉN KARAWANG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1	2	3	4	5
 Darsam	40 taun	Kampung Pakopén Rt01/05, Désa Tegalsari, Kec.Purwasari, Kab.Karawang	Seniman	Girang Serat
 Deti	17 taun	Kampung Pakopen Rt 04/05, Désa Tegalsari, Kec.Purwasari, Kab.Karawang	Seniman	Pamaén (Topéng)
 Ondo	16 taun	Kampung Pakopén Rt 02/05, Desa Tegalsari, Kec.Purwasari, Kab.Karawang	Seniman	Pamaén Bodoran
 Yayah	45 taun	Kampung Pakopén RT01/04, Désa Tegalsari, Kec.Purwasari, Kab.Karawang	Seniman	Sindén

3.2.2 Gambaran Umum Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan mangrupa tempat anu dipaké ku panalungtik pikeun ngayakeun hiji panalungtikan. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Kampung Pakopén Désa Tegalsari Kacamatan Purwasari Kabupatén Karawang. Sacara

Windy Aryani, 2017

*ULIKAN SÉMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING
 DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATÉN KARAWANG
 PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

géografis Désa Tegalsari lokasina aya di Kacamatan Purwasari Kabupatén Karawang. Wates wilayah Tegalsari Beulah kalér aya Désa Karang Sari Kecamatan Purwasari, Beulah kidul aya Désa Dawuan Barat Kecamatan Cikampek, Beulah wétan Désa Karangsinom Kecamatan Tirtamulya, jeung Beulah kulon watesna Désa Sukasari Kecamatan Purwasari. Luas wilayah Désa Tegalsari nyaéta 254.675 Ha. Sacara topografi jeung kontur tanah, Désa Tegalsari sacara umum mangrupa aréa pasawahan.

Gambar 3.1
Peta Wilayah



3.2.3 Kondisi Sosial Budaya

Kondisi sosial jeung budaya di hiji wewengkon mangaruhan pisan kana ayana hiji adat tradisi anu aya di éta wewengkon. Kitu deui Kasenian Topeng Kaleng anu aya di Kampung Pakopén Désa Tegalsari moal leupas tina pangaruh kaayaan masarakat di sabudeureunna. Kaayaan sosial budaya di Désa tegalsari diwincik saperti ieu di handap.

1) Jumlah penduduk

Jumlah penduduk Désa Tegalsari dumasar data ahir aya 3.957 jiwa. Anu ngawengku laki 2.014 urang, jeung awéwé 1.943 urang.

Windy Aryani, 2017

**ULIKAN SEMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING
DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATÉN KARAWANG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu**

2) Tingkat Pendidikan

Taraf/tingkat pendidikan masarakat Tegalsari masih kénéh handap. Hal ieu katitén tina data penduduk dumasar tingkat atikana di handap ieu.

Tabel 3.2
Tingkat Pendidikan

Tingkat Pendidikan	Jumlah
Perguruan Tinggi	38
SMA/SMK/MA	399
SMP/MTS	785
SD	2.028

3) Pakasaban

Désa Tegalsari diténan tina sudut pandang ékonomi mangrupa leuitna bahan atah jeung cacah jiwa. Désa Tegalsari miboga fungsi salaku daérah tatanén anu masarakatna lolobana patani, pangrajin, tukang ingon-ingon. Ku beunghar jeung réana pakasaban di éta Désa ngalantarankeun hirupna industri-industri leutik.

4) Agama

Agama anu diaku ku pamaréntah di Indonésia téh kurang leuwih aya genep, nyaéta Islam, Kristen, Katholik, Hindu, Budha, Konghuchu, jeung kapercayaan séjénna. Tapi mayoritas masarakat Désa Tegalsari ngagem agama Islam.

3.3 Tehnik Panalungtikan

3.3.1 Tehnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa kagiatan anu utama dina ngalaksanakeun panalungtikan. Bahan anu patali jeung panalungtikan ngeunaan Kasenian Topéng Kaléng dikumpulkeun ngaliwatan téhnik talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

1) Téhnik Talaah Pustaka

Windy Aryani, 2017

*ULIKAN SÉMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING
DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATEN KARAWANG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Téhnik talaah pustaka digunakeun pikeun nyangking, niténan, sarta ngaidéntifikasi tiori-tiori sarta bahan anu patali jeung panalungtikan ngaliwatan bahan tulisan (buku-buku). Panalungtikan talaah pustaka dilaksanakeun di perpustakaan Universitas Pendidikan Indonésia, jeung sababaraha jurnal internasional.

2) Téhnik Observasi

Observasi nya éta téhnik ngumpulkeun data anu patali jeung panalungtikan ku cara survéy sacara langsung ka lapangan. Data anu dicangking bakal leuwih akurat, sabab ngaliwatan prosés tina naon-naon anu katingali, anu kadéngé, jeung anu karasa dina waktu ngalaksanakeun kagiatan panalungtikan Kasenian Topéng Kaléng. Nurutkeun Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 99), obsérvasi nyaéta upaya atawa cara anu dilakukeun ku panalungtik pikeun ngarékam sagala kajadian atawa kagiatan anu ngagunakeun alat bantu atawa henteu.

Obyék panalungtikan dina panalungtikan kualitatif/ déskriptif, anu diobservasi dumasar kaayaan sosial kabagi jadi tilu komponén, nyaéta: (1) *Place* atawa tempat lumangsungna kajadian, (2) *Actor*, palaku atawa jalma-jalma anu miboga peran nu tangtu dina éta kajadian, (3) *Activity* atawa kagiatan anu dilakukeun ku aktor atawa jalma anu ilubiung dina kagiatan anu keur lumangsung, (Sugiyono, 2015, kc. 314).

3) Téhnik Wawancara/ *Interview*

Nurutkeun Esterberg dina Sugiyono (2012, kc. 72), wawancara nyaéta “*pertemuan dua orang untuk bertukar informasi dan ide melalui tanya jawab, sehingga dapat dikonstruksikan makna dalam suatu topik tertentu*”. Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 127), nétélakeun yén wawancara nyaéta paguneman antara dua pihak (nu ngawawancara jeung nu diwawancara) anu miboga maksud nu tangtu.

Wawancara mangrupa salasihiji cara pikeun nyangking informasi atawa data anu patali jeung panalungtikan, utamana panalungtikan perkara Kasenian Topéng Kaléng. Téhnik wawancara digunakeun ku panalungtik pikeun ngadeudeulan data panalungtikan. Dina ieu panalungtikan anu jadi informan dina wawancara nya éta sesepuh nu apal kana Kasenian Topéng Kaléng, para pamaén Kasenian Topéng Kaléng, aparat désa, masarakat, jeung nu séjénna.

Windy Aryani, 2017

**ULIKAN SÉMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING
DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATEN KARAWANG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu**

4) Téhnik Dokuméntasi

Ieu téhnik mangrupa cara pikeun ngumpulkeun data nu ngahasilkeun catetan-catetan penting nu aya patalina jeung panalungtikan, nepi ka hasil data anu dicangking leuwih akurat jeung leuwih lengkep. Basrowi & Suwandi (2008, kc. 158). Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa tulisan (Catetan lapangan), lisan (rekaman), vidio, sarta gambar (foto). Gambar, vidio, jeung rekaman dicangking ngaliwatan média éléktronik, saperti *handphone* jeung kaméra digital perkara Kasenian Topéng Kaléng.

Lian ti éta dina ieu panalungtikan, aya léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data. Anapon léngkah-léngkahna ébréh ieu di handap.

- 1) Maca, jeung niténan sababaraha tiori anu saluyu jeung ieu panalungtikan.
- 2) Niténan sacara gemet pintonan Kasenian Topéng Kaléng.
- 3) Wawancara informan.
- 4) Nyalin data anu kapanggih salila panalungtikan kana instrumén céklis jeung kartu data.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Data-data anu geus kakumpul ngaliwatan sababaraha tehnik di luhur, satuluyna data diolah jeung dianalisis ngagunakeun teori-teori anu geus ditangtukeun. Anapon téhnik ngolah data digunakeun analisis: (1) téhnik analisis unsur-unsur Kasenian Topéng Kaléng, (2) téhnik analisis ulikan sémiotik, (3) téhnik analisis bahan ajar.

1) Téhnik Analisis Unsur-unsur Kasenian Topéng Kaléng

Analisis unsur-unsur Kasenian Topéng Kaléng ngawengku pedaran struktural Kasenian Topéng Kaléng, ti mimiti kagiatan saméméh lumangsungna pintonan, keur lumangsungna pintonan, jeung sanggeus pintonan.

2) Téhnik Analisis Ulikan Sémiotik

Analisis ulikan semiotik dina Kasenian Topéng Kaléng ngawengku pedaran ulikan semiotik dumasar Teori Pierce nu ngawengku indéks, ikon, simbol dina unsur-unsur pangrojong pintonan Kasenian Topéng Kaléng.

3) Téhnik Analisis Bahan Ajar

Analisis Bahan Ajar dina ieu panalungtikan ngawengku cara nangtukeun kritéria milih bahan ajar jeung nyusun bahan ajar (Artikel Budaya)

3.4 Instrumén Panalungtikan

3.4.1 Instrumén Panalungtikan dina Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan. Panalungtik miboga peran penting, nyaéta pikeun ngarencanakeun, ngumpulkeun data, nganalisis, nafsirkeun data jeung nyieun laporan. Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta instrumen observasi, kamera digital, HP (*handphone*), pedoman wawancara jeung catetan lapangan.

1) Instrumén Talaah Pustaka

Tabel 3.3
Instrumen Céklis Talaah Pustaka (Kana buku babon)

No	Judul Buku	Jenis Buku			
		Budaya	Seni	Basa	Pangajaran
1.	Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan.	✓			
2.	Pengantar Ilmu Antropologi	✓			
3.	Seni Pertunjukan Indonesia.		✓		
4.	Ilmu Seni Teori dan Praktik.		✓		
5.	Semiotika Komunikasi.			✓	
6.	Ancangan Semiotika dan Pengkajian Susastra.			✓	
7.	Strategi Pembelajaran Berorientasi Standar proses Pendidikan.				✓
8.	Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda				✓

Windy Aryani, 2017

**ULIKAN SEMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING
DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATEN KARAWANG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	Berbasis Kurikulum 2013.				
9.	Strategi membaca Teori dan Pembelajaran				✓
10.	Panganteur talaah buku ajar				✓
11.	Menulis Artikel dan Karya ilmiah			✓	

2) Instrumén Observasi

Tabel 3.4
Instrumen Céklis Observasi

No	Indikator	Perkara nu diobservasi	Kaobservasi	Henteu
1	Prak-prakan	1. Prak-prakan Kasenian Topéng Kaléng 2. Lila lumangsungna Topéng Kaléng 3. Tempat pintonan Kasenian Topéng Kaléng	✓	
2	Palaku	4. Seniman nu nyiptakeun Kasenian Topéng Kaléng 5. Palaku dina pintonan Kasenian Topéng Kaléng	✓	
3	Pakakas	6. Pakéan anu digunakeun dina pintonan Kasenian Topéng Kaléng 7. Waditra/ pakakas nu di paké dina Kasenian Topéng Kaléng	✓	

3) Instrumén Wawancara

Tabel 3.5
Padoman Wawancara

No.	Padoman Wawancara
1.	Maksud Kasenian Topéng Kaléng.
2.	Sajarah Kasenian Topéng Kaléng.
3.	Anu biasa nanggap Kasenian Topéng Kaléng.
4.	Anu biasa lalajo Kasenian Topéng Kaléng.
5.	Anu maén Kasenian Topéng Kaléng.
6.	Basa anu dipaké dina Kasenian Topéng Kaléng
7.	Ngaran Paguyuban Kasenian Topéng Kaléng.
8.	Ngaran Pingpinan jeung sesepuh Kasenian Topéng Kaléng.
9.	Struktur Organisasi Kasenian Topéng Kaléng.
10.	Kaayaan Kasenian Topéng Kaléng kiwari jeung baheula.
11.	Prak-prakan Kasenian Topéng Kaléng.
12.	Ritual husus dina Kasenian Topéng Kaléng.

Windy Aryani, 2017

*ULIKAN SÉMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING
DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATEN KARAWANG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA*
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

13.	Pakakas ritual husus dina Kasenian Topéng Kaléng.
14.	Pakakas anu dipake dina Kasenian Topéng Kaléng.
15.	Bahan anu dipake nyieun pakakas dina Kasenian Topéng Kaléng.
16.	Fungsi tina pakakas anu dipaké dina Kasenian Topéng Kaléng.
17.	Parobahan pakakas anu dipake dina Kasenian Topéng Kaléng.
18.	Unsur seni dina Kasenian Topéng Kaléng.
19.	Waditra anu dipaké dina Kasenian Topéng Kaléng.
20.	Bahan anu dipaké pikeun nyieun waditra dina kasenian Topéng Kaléng.
21.	Carita anu dipidangkeun dina Kasenian Topéng Kaléng.
22.	Tokoh dina carita Kasenian Topéng Kaléng.
23.	Unsur Sémiotik anu nyampak dina Kasenian Topéng Kaléng.

4) Instrumén Dokumentasi

Tabel 3.6

Instrumén Céklis Dokumentasi

No	Alat	Hal-hal anu didokumentasikeun	kacumponan	Henteu Kacumponan
1.	Kamera digital / HP	• Foto kagiatan saacan lumangsungna pintonan.	✓	
		• Foto kagiatan lumangsungna pintonan	✓	
		• Foto kagiatan sanggeus lumangsungna pintonan	✓	
		• Foto unsur-unsur pangrojong pintonan	✓	
		• Vidio lumangsungna pintonan	✓	
		• Wawancara Narasumber ngeunaan objék panalungtikan (Kasenian Topéng Kaléng)	✓	
2.	Catetan Lapangan	• Sajarah Kasenian Topéng Kaléng	✓	
		• Pakakas Kasenian Topéng Kaléng	✓	
		• Prak-prakan Kasenian Topéng Kaléng	✓	

3.4.2 Instrumén Panalungtikan dina Ngolah Data

Numutkeun Maryaeni (2005, kc.75) analisis mangrupa kagiatan 1) nyusun-nyusun data nu luyu jeung urutan masalah nu dibutuhkeun; 2) ngaorganisasikeun hasil data dina formasi jeung kategori atawa unit, sanggeus ngumpulkeun sakabéh data nu diperlukeun, satuluyna data éta dianalisis; 3) interprétasi panalungtik kana

signifikansi sababaraha data nu sajalan jeung pamahaman; 4) ngajén data nu geus dikumpulkeun nepi ka ngahasilkeun kacindekan: hadé atawa goréng, luyu atawa henteu, ogé signifikan atawa henteuna.

Dina nganalisis datana, panalungtik baris ngagunakeun métode déskriptif kualitatif pikeun ngajelaskeun atawa ngagambarkeun hasil panalungtikan sangkan luyu jeung tujuan. Carana milih hasil wawancara jeung obsérvasi sacara sistematis.

1) Instrumén Analisis Unsur-unsur

Tabel 3.7
Kartu Data Analisis unsur-unsur

SAJARAH
<ol style="list-style-type: none"> 1. Sajarah Kasenian Topéng Kaléng. Déskripsi: Kasenian Topéng Kaléng mangrupa salasahiji kasenian khas kabupatén Karawang anu diadegkeun taun 2011 ku 2. Gambaran umum Kasenian Topéng Kaléng. Déskripsi: Kasenian Topéng Kaléng mangrupa salasahiji kasenian khas Kabupatén Karawang 3. Struktur organisasi Kasenian Topéng Kaléng Karawang Déskripsi: Dina taun 2011 pamaréntah Kabupatén Karawang netepkeun SK 4. Pamaén Kasenian Topéng Kaléng Déskripsi: Anu ngabédakeun ieu kasenian téh nyaéta nu maénna barudak.....
UNSUR PANGROJONG PINTONAN
<ol style="list-style-type: none"> 1. Tempat pintonan. Déskripsi: Kasenian Topéng Kaléng biasa dipintonkeun di dua tempat ... 2. Tata Rias. Déskripsi: Tata rias anu dipaké biasana 3. Panari. Déskripsi: Panari dina Kasenian Topéng Kaléng jumlahna aya tilu urang 4. Pangrawit Déskripsi: Pangrawit dina Kasenian Topéng Kaléng jumlahna 10 nepika 12 urang 5. Sindén Déskripsi: Sindén dina Kasenian Topéng Kaléng jumlahna aya tilu urang
PAKAKAS
<ol style="list-style-type: none"> 1. Busana pamaén dina Kasenian Topéng Kaléng Déskripsi: Busana dina para pamaéna disaluyukeun jeung peranna. Aya warna ... 2. Waditra dina Kasenian Topéng Kaléng Déskripsi: Waditra dina Kasénian Topéng Kaléng dijieunna tina kaléng, contona tina rantang ... 3. Aksesoris dina Kasenian Topéng Kaléng Déskripsi: Aksesoris dina Kasenian Topéng Kaléng disaluyukeun jeung peranna, misalna ayana sobrah dina

PRAK-PRAKAN	
1.	Prak-prakan saméméh lumangsungna pintonan Désripsi: Aya sababaraha kagiatan anu biasa dilaksanakeun saacan pintonan dimulai, salasihijina nyaéta ayana suguhan sasajén (parukuyan)
2.	Prak-prakan lumangsungna pintonan Désripsi: Aya sababaraha runtuyan dina lumangsungna pintonan diantarana nyaéta Tatalu
3.	Prak-prakan sanggeus pintonan Désripsi: Sanggeus pintonan bérés, para pamén ngariung ...

SEMIOTIK	
1.	Ikon dina Kasenian Topéng Kaléng Désripsi: Aya sababaraha ikon anu katitén dina Kasenian Topéng Kaléng, diantarana nyaéta Lawon
2.	Indéks dina Kasenian Topéng Kaléng Désripsi: Aya sababaraha indéks anu katitén dina Kasenian Topéng Kaléng, diantarana nyaéta Tatalu
3.	Simbol dina Kasenian Topéng Kaléng Désripsi: Aya sababaraha simbol anu katitén dina Kasenian Topéng Kaléng, diantarana nyaéta Iket...

Tabel 3.9
Kriteria bahan ajar

NO	Kriteria Milih Bahan Ajar	Luyu	Teu luyu
1	2	3	4

Windy Aryani, 2017


*ULIKAN SEMIOTIK DINA KASENIAN TOPÉNG KALÉNG SINAR PUSAKA LAYUNG KUNING
DI DÉSA TEGALSARI KECAMATAN PURWASARI KABUPATEN KARAWANG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.	Tujuan nu hayang dihontal	✓	
2.	dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa	✓	
3.	dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna	✓	
4.	aya mangpaatna pikeun ngawasa hiji paélman	✓	
5.	saluyu jeung kabutuhan katut minat siswa	✓	

B. Nyusun Bahan Ajar

Tabel 3.10
Kartu Data Nyusun Bahan Ajar

NYUSUN BAHAN AJAR	
JUDUL: Kasenian Topéng Kaléng	
<p>1. Eusi:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sajarah Kasenian Topéng Kaléng. Déskripsi: • Gambaran Umum Kasenian Topéng Kaléng Déskripsi: • Prak-prakan Kasénian Topéng Kaléng Déskripsi: • Tanda-tanda budaya anu aya dina Kasenian Topéng Kaléng Déskripsi: <p>2. Alat pamahaman anu dipaké:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Gambar anu bisa ngailustrasikeun pintonan Kasenian Topéng Kaléng. Contona : 	
	
<p>3. Bahan Evaluasi</p> <ul style="list-style-type: none"> • PG • Essey 	